

Bahasa Sunda

Nama	:	
Kelas	:	2 KH Baedhowie
Hari, tanggal	:	Selasa, 8 Februari 2022

URAIAN MATERI

Urang jeung Alam

Urang téh mahluk ciciptan Pangéran. Kitu deui, alam, sasatoan, jeung tutuwuhan. Urang teu bisa leupas tina alam. Geura wé ti mimiti nyeuseup hawa. Sabaraha lobana hawa nu diseuseup ku urang. Mun teu nyeuseup hawa, urang moal bisa ngambekan. Keur nginum, urang perlu cai. Kitu deui keur mandi.



Isuk-isuk urang bisa moyan lantaran aya cahaya panonpoé. Kitu deui, moé papakéan matak garing ku ayana cahaya panon poé. Alam dunya ogé bakal poék mongkléng mun euweuh cahaya panonpoé. Coba hég mun ti peuting. Urang tanggah ka langit, bakal katempo bulan jeung béntang. Bulan moncorong buleud. Mun tengah-tengah bulan, bulan caangna mabra. Ari béntang caangna téh tingkarelip. Mana kitu gé bakat ku jauh.

Mun urang keur diuk atawa leumpang, karasa anginna ngahiliwir. Angin sok nebak dangdaunan nepi ka aroyag. Mun gedé mah, angin téh matak gedé bahayana. Tatangkalan bisa runkad. Kenténg imah ogé bisa ngarapung. Aya angin muih tarik, disebutna angin puyuh. Lingkungan urang kudu dijaga. Ngajaga lingkungan téh jadi kawajiban urang.

Pék jawab ku hidep jawab ieu pananya!

1. Manusa jeung alam kaasup mahluk ciciptan.....
2. Jalma, sasatoan, jeung tutuwuhan kaasup mahluk
3. Unggal poé urang sok nyeuseup
4. Mun euweuh hawa, urang moal bisa
5. Keur nginum, urang perlu
6. Urang bisa moyan lantaran aya cahaya.....
7. Alam dunya bakal mun euweuh cahaya panonpoé.
8. Ti peuting di langit aya bulan jeung
9. Bulan moncorongna
10. Ari béntang mah caangna